Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 33 (9944) 25 август 2023 с. / Рузман 9 сафар 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Иргадулаб данделъиялда

22 августалда районалъул администрациялда, районалъул бетIерасул ишал тIуралев Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана управлениябазулгун отделазул начальникал, росабазул бутIрул, учреждениябигун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалда бюджеталъул гIарцухъ ралел объектазул контрактал тIураялъухъ ва гьабураб хIалтIи кассалдалъун тIубазабиялъул, районалъул ва росабазул администрациябазул, учреждениябигун организациябазул хIалтIухъабаз налогал кьеялъул хIакъалъулъ ва районалда инвестициониял проектал тIураялъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас гIатIидаб кIалъай гьабуна.



2021-2023 соназ районалъул социалиябгун экономикаялъул рахъ цебетIезабиялъе хIалтIизабун буго 1122 млн. гъурущ, гьезда гьоркьоса хасал гIададамазул 270 млн. гъурущ. Аслияб къагIидаялда гIарац хIалтIизабун буго нухал къачIаялъе-337 млн. гъурущ (30%), лъайкьеялъул гIуцIабазе-434 млн. гъурущ (39%).

*«Республикаялъул ва бакIалъул нухал раялъул», «Дир Дагъистан-дир нухал»* программабазда рекъон районалда 29 км. нухазул къачIана.

*«Лъайкьей цебетIезаби»* пачалихъалъулаб программаялда рекъон, районалда 160 бакI бугеб лъималазул ах, 540 цIалдохъанасе бакI бугеб 2 школа бана.

Сентябрь моцIалда Ленинаул росулъ бараб 420 цIалдохъанасе бакI бугеб цIияб школа хIалтIизе биччазе буго. 200 цIалдохъанасе бакI бугеб цIияб школа Гертма росулъги балеб буго.

Республикаялъул *«Жакъасел тIалабазда рекъон, Дагъистаналъул лъайкьеялъул система бачин»* проекталда гьаб соналъ капиталиял ремонтал гьарулел руго Дубки поселокалъул гьоркьохъеб, Гъозтала росдал гIаммаб лъай кьеялъул ва Калининаул росдал байбихьул школазда.

Гьел объектазда гьабураб халгьабиялъ бихьизабуна Дубки поселокалъул гьоркьохъеб школалда 90 % хIалтIаби гьарун рукIин, Гъозтала росдал аслияб лъайкьеялъул школалда 75% ва Калининаул росдал байбихьул школалда ремонт тIубанго лъугIун букIинги.

ТIадехун рехсарал капиталиял ремонтазе, контрактазда рекъон, кинабниги 64 млн. гъурущ биччан буго, хIалтIаби гьарун руго 56,1 млн. гъурущалъе, гьеб ккола 87,7 процент. Подрядчиказ, цIалул сон байбихьилалде, хIалтIаби лъугIинаризе рагIи кьун буго.

*«Шагьаразул санагIатал шартIал чIезари»* программаялда рекъон, Алмахъ, Гертма ва ИчкIа росабалъ КIудияб ВатIанияб рагъда накълулъарал рагъухъабазе лъурал памятниказда сверухъ бакIал къачIалел руго. Гьел хIалтIаби гьаризе бихьизабун буго 4.8 млн. гъурущ. РагIалде рахъарал хIалтIаби 1.8 млн. гъурущалде рахана.

Контрактазда рекъон, рехсаралобъектазда хIалтIаби лъугIинаризе бихьизабун буго 1 сентябралде.

*«БакIалъул нухай къачIай»* программаялда рекъон, капиталиял ремонтал гьарулел руго Калининаул, Дилим, Буртунай росабазул 3 къватIалъе ва гьелъие биччан буго 37.5 млн. гъурущ.

Жакъа къоялде Буртунай росулъ наиб Гьайирбегил цIаралда бугеб къватIалъе ремонт гьабун лъугIун буго, Калининаул ва Дилим росабалъ хIалтIаби жеги унел руго. Дилим росдал ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб къватI къачIазе бихьизабун буго 9 млн. гъурущалде гIагарун сурсат. Лъел мухъал хисулел рукIиналъ, гьел хIалтIабазде жеги байбихьун гьечIо. Гьеб лъабабго объекталъул подрядчиклъун ккола ООО «Трансмост».

М. ГIабдулмуслимовасул цIаралда бугеб ва Речная къватIазда хъил тIезе *«Транспорт»* ОООгун къотIи-къаялги гьарун руго. Амма гьенирги хIалтIабазде жеги байбихьичIо, щай гурелъул микрорайоналда лъел мухъал хисулел рукIиналъ.

2022-2023 соназ *«Шагьаралъул санагIатал щартIал чIезари»* программаялдалъун, росабазул гIаммаб пайда босиялъул 7 бакI къачIана. *«БакIалъул инициативал программаялда рекъон, 2022 соналъ Дилим росдал «Маргьа»* лъималазул ахалъе капиталияб ремонт гьабуна, ва Дубки поселокалда *«Сулахъалъул къварилъи»* кIкIалахъе балагьулеб площадкаялде гIададамал хьвадизе нух гьабуна. Гьединго 23 августалда Дилим росдал *«Ах»* микрорайоналъул 4 къватIалде хъил тIезе байбихьана. Гьел хIалтIаби *«Трансмост»* ОООялъ гьарулел руго.

ГьабсагIат *«Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул байбихьул бутIаби гьанжесел тIалабазда рекъон цIигьари»* Федералияб программаялда Дубки поселокалъул, Ленинаул росдал участковиял больницабазе ва Алмахъ росдал ФАПалъе капиталиял ремонтал гьарулел руго.

***Ибрагьим Идрисов***

***Пачалихъияб байрахъалъул Къо кIодо гьабуна***

## Нилъер байрахъ-нилъер чIухIи!

Россиялъул байрахъалъул Къо улкаялъул киналниги гIелазул байрам ккола. ТIолгояз ВатIаналде ва гьелъул тарихалде бугеб бербалагьи загьир гьабиялъул цо рахъ буго гьеб. Лъабкьералъулаб хIурмат гьабизе ккеялда тIадчIей гьабуна.

Гьенибго *«Россиялъул байрахъ»* абураб кечI рикIкIана Дилим росдал гимназиялъул цIалдохъан Фатима Асирдиновалъ.



байрахъ нилъер ВатIан цебетIеялъул, рагъулал ва цогидалги рахъазулъ росарал бергьенлъабазул лъугьана.

Россиялъул Президентасул 1994 соналъул 20 августалда бахъараб указалдалъун, пачалихъияб байрахъалъул Къолъун 22 август чIезабун буго. Гьелда хурхун, рикIкIен гIемерал тадбиралги тIоритIула.

Улкаялдаго гIадин, нилъер районалдаги гьеб байрам гIатIидго кIодо гьабуна.

*«Маргьаялъул»* гьитIичазги *«Ниж мунгун ва дуе гIоло»* абураб флешмоб бихьизабуна. Ва тIолалго гIахьалчагIаз Россиялъул байрахъ тIибитIизабуна.

Дилим росдал аслияб байданалдаса байбихьана М.М. ГIазаевасул школалъул гIисинал спортсменаз *«Нилъер байрахъ-нилъер чIухIи»* абураб ахIиялда гьоркь гIахьаллъи гьабураб велопробег. Пачалихъиял байрахъаз къачIарал гIолилазул хIатIимашинаби росдал къватIахъан сверана.



Культураялъул централъул ва администрациялъул физкультураялъулгун спорталъул, туризмаялъул ва гIолилазда гьоркьор ишал тIураялъул отделалъул хIалтIухъабаз гIуцIараб аслияб тадбир районалъул администрациялъул минаялда цебе ана.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовас, администрациялъул хIалтIухъабаз, учреждениязулгун гIуцIабазул нухмалъулез ва *«Маргьа»* лъимер цебетIеялъул централъул гьитIичаз. Гьелъул мурад пачалихъияб гIаламаталъул хIурмат гьаби, ВатIаналде рокьи куцай букIана.

Баркиялъул рагIабазда хадуб, И.И. Шабазовас пачалихъалъул байрахъалъул киналго гIелазе бугеб кIвааралъул бицана. Гьелда гъоркь цолъун рагъулел ругел хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул мисалал рачана. Гьединго гьес байрахъалдаса чIухIизе ва гьелъул

Районалъул, росабазул культураялъул хIалтIухъабазул хIаракаталда, гьеб байрамалда хурхарал жеги гIемер батIи-батIиял тадбирал тIоритIана.

ИчкIа росдал клубалда байрахъалъул суратал рахъиялъул конкурс тIобитIана. Гьединго гIисиналгун чIахIиял гIахьаллъараб *«Нилъер байрахъ-нилъер чIухIи»* акциялъул рахъ ккураб тадбиралъул гIахьаллъана.

Хубар росдал клубалда лъималаз *«Ниж Россиялъул лъимал!»* викториналъул суалазе гъираялда жаваб гьабулеб букIана. БатIи-батIиял хIаял, къецал гIуцIун рукIана Алмахъ, Гъозтала ва Гертма росабазул культураялъул рукъзабазул хIалтIухъабаз батIи-батIиял ригьалъул гIелазе.

Гьеб киналъго щивасул жив гучаб ВатIаналъул бутIалъун вукIиналдаса чIухIи бижиналъе рес кьуна.

***Динара Батиева***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 ХIисабкьеялъул данделъиялда

гьум. 3 ХIабиб ХIусейн Ас Сакъафи Дилималда

гьум. 4 Прокуратура сообщает

# ХIисабкьеялъул данделъиялда

Дагъал церегIан къояз районалъул культураялъул Централда тIобитIана ТIолгороссиялъул канлъи дагьазул обществоялъул (ВОС) бакIалда бугеб отделениялъул хIисабкьеялъул данделъи.

Гьенир гIахьаллъана росабалъ ругел гIахьаллъизе.

Гьединго гьезие Гъуниб районалде сапар тIобитIана.

Нильер инвалидаз республикаялда тIоритIарал спорталъул къецазульги жигараб гIахьаллъи гьабуна. Гьедин Дубки



ВОСалъул отделениязул председателал.

2022 соналъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицун гьенив кIалъана МахIмуд Абулаев-ВОСалъул бакIалда бугеб отделениялъул председатель.

Гьес абуна: «Казбек ва Гумбет районаздаса хIисабалда 400ялде гIагарун инвалид вуго. 2022 соналъ канлъи дагьазул 80 хъизаналъе щвезаруна кванил нигIматазул наборал. Дагъистаналъул беразул микрохирургиялъул централда 60 инвалидасе медицинаялъул цIехрех чIобого гьабуна. Каспий ралъдал рагIалда бугеб базаялда инвалидазе рес щвана хIухьбахъиялъул тадбиразда поселокалдаса АгъахIажи МухIамадовас шахматазул турниралда тIоцебесеб бакI босана. Алмахъ росулъа Ансарияв Мусаев 70 чи гIахьаллъараб армрестлингалъул къецазулъ чемпионлъун вахъана».

МахIмуд Абулаевас инвалидазул рахъалдасан районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасе инвалидал бакI-бакIазде раччизе транспорт чIезабиялъе гьабураб кумекалъухъ баркала загьир гьабуна.

Данделъиялъул ахиралда гIахьалчагIаз 2022 соналъ ВОСалъ гьабураб хIалтIуе гьоркьохъеб къимат кьуна.

***Ибрагьим Идрисов***

*Акция*

# «Лъимер школалде хIадури»

КватIичIого тIаде щвела цIияб цIалул сон. Улкаялъего бигьаяб гуреб масъала ккола цIалдохъабазе хIажатабщинаб чIезаби. Гьаб дунялалда захIматаб хIалалде ккаразе кумек гьабурасе, Гьениб 120ялдаса цIикIкIараб лъимадуе кьуна 3000 гъурущалъул къимат бугел сертификатал. Гьезда гьоркьор рукIинчIо Дубкиялъул лъимал, щай абуни гьезие гьединаб байрам бакIалдаго




Аллагьас кIиябго дунялалда бигьалъи гьабулебилан абула.

ГIадатлъун лъугьахъе, жиб-жиб соналда язихъал, бесдаллъиялде ккаразе ва къайимлъиялда ругезе, гьединго хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулезул хъизабазул лъималазе школалъулаб къайи чIезабиялъе *«Цогояб Россия»* партиялъул хIаракатчагIаз лъазабула *«Лъимер школалде хIадури»* абураб акция. Лъабгоги цIикIкIунги лъимер школалде унеб хъизаналъе гьеб акциялдаса кIудияб кумек буго. Гьедин районалъул администрациялъ, *«Цогояб Россия»* бакIалъул отделениялъул хIаракатчагIаз ва *«Инсан»* фондалъ рехсараб акциялда хурхараб тадбир тIобитIана. «Маржан» залалда рихьизарурал хъизаби данде гьаруна кумекалъе. Лъималазе рокьулел нигIматаздалъун кьачIарал столазда нахъ гIодорчIаразул, ракIал къварид ругони, гьурмалъ разилъи бихьулеб букIана. тIобитIизе буго.

Районалъул бетIерасул цIаралдасан цIияб цIалул сон баркиялъул ва цIалулъ бергьенлъаби гьариялъул кIалъай гьабуна хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул заместитель Басир Нуцалов. Гьединго Б. Нуцаловас гьеб акциялъе квербакъаралщиназе, хасго *«Мир одежды и обуви»* тукадул бетIергьабазе (сертификатал хIалтIизаризе рес кьуралъухъ) баркала загьир гьабуна.

Районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIаммадрасул МухIаммадгъазиевас лъималазда школалда кьолеб лъаялъул гIумруялъул киналго рахъазда бугеб кIваралъул бицана. ХIатта динияб гIелмуялъе цIалиялъулъ гьеб хIажалъиялъул далилал рачана.

Хасавюрталдаса аxIарал аниматоразул къокъаялъул программаялъ лъималазе кIудияб рохалилаб асар гьабуна.

***Динара Батиева***

# Билаловазул рагъулаб вацлъи

*Рагъулаб вацлъиги рекIел къуватги,*
*Къойил щулалъаги нильер васазул,*
*ВатIан цIунулаго, цIадулъе унел*
*Аллагьас цIунаги нильер гIолилал.*

*Улбузул рекIеда гулла щвечIого,*
*Рокъор ругел лъимал бесдаллъичIого,*
*Кьвагьиги бухIиги гьарзалъичIого,*
*ЧIаго цIунаги нуж, нижер гIолилал.*

Нужеца газетаялъул цебе араб номералдаги цIалун букIун батила СВОялда гIахьаллъулел васазул хIакъалъулъ нижеца гьабураб бицен.

Нахъойги тIадвуссун, дие абизе бокьила рагъулаб вацлъи ва гьудуллъи кутакалда щулияб букIунилан, ва гьелдаса къуватабги щибго гьечIилан.

Жакъа нижеца бицен гьабулеб буго Мухтар Гереевас *«захIмат букIунищ рос ва васал рагъда ругей чIужугIаданалъе»* абун цIехедал, Сапинатица, магIуги бацIцIунаго, гьел кидаго жиндир дугIадулъ рукIунилан абуна.

*«Гьезухъ ялагьун чIезе кигIан захIмат букIананиги, дун гьез тIаса бищараб нухалда рази йиго»*,-ян абула Сапинатица.



Калининаул росулъа Билал ва Рашид Билаловазул. Жакъа къоялда, жидерго эмен Салман гIадин, гьел ккола Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи.

2020 соналъ армиялдаса тIадруссун хадуб, гьел, къотIи-къайги гьабун, Росгвардиялде хъулухъалде лъугьана.

Эбел Сапинатица абулеб буго, жиндир хъизамалъул бихьинал, ВатIаналъул аxIудеги рахъун, гьеб цIунулел рукIиналдаса жий кутакалда чIухIарай йигилан.

Гьейгун кIалъай гьабурав *«Саламавия»* сеталъулаб басмаялъул мухбир Киназдаго лъалеб батила, СВОялда гIахьаллъулел васазул улбузда бугеб хIал, гьезие я макьу, я рахIат гьечIо. Чанго эбел йиго, жеги жидер лъималазул хабар рагIичIел, чIаго ругищ гьел гьечIищ лъаларел. Амма кин бугониги сабруги гьабун, гьезул хабаралъухъ ралагьун чIарал. Амма, нильер гIолилал кире ккананиги рукIуна жибго цо къараб зар гIадин, цоцазе ккаралъур ратулел ва цоцазул рахъал кколел.

Биччанте гьел улбузда лъикIаб хабар рагIизе, ва керен бухIулеб хабар гьезухъе щунгутIизе.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

*Лъайкьей*

# Пайдаяб дандчIвай

Каникулал ругониги, районалъул лъайкьеялъул идарабазда лъималгун гьарулел ишал гьоркьор къотIизе течIо. Гьелгун районалъул культураялъул Централъул, росабазул культураялъул рукъзазул хIалтIухъаби, школазда *«Цересезул рагъа-рачари»* гIуцIаби хIалтIулел руго.

Районалъул росабазул лъайкьеялъул идарабазул цIалдохъабаз гIадин, Гуни росдал гимназиялъул «Цересезул рагъа-рачари» гIуцIиялъул хIаракатчагIаз гIахьаллъи гьабуна *«Бизнес-завтрак»* абураб проекталъулъ. Гьел дандчIвана лъималазул ретIел бичулеб кIиго тукадул бетIергьанчIужу Гуниялдаса Марьям Базаевагун. Гьелъ лъималазе школалъулаб гIумруялъул ва жиндирго иш гIуцIиялъул хIакъалъулъ гьираялда бицана. Полохъанай предпринимателалъ гIолеб гIелалда, школалъулаб лъай гьечIого, хадусеб гIумруялда гали цебехун босизе ва жиндиего бокьулеб ишалде байбихьизе рес гьечIолъи бичIчIинабуна. Гьединго Марьямица щивав чиясул мурад букIине ккеялъул ва гьеб гIумруялде бахъинабизе дандчIвалел захIмалъаби къезариялъулги, жиндирго мисаладалъун, бицана.



Гьелда тIасан лъималазул раккарал суалазеги гьелъ интересал жавабал гьаруна. Гьез пайдаяб ва хIажатаб каламалъухъ Марьямие баркала кьуна.

***Динара Батиева***

# ЗахIматалъул ветеран

Мутуев Шахуслан (Шиху) гьавуна 1938 соналъ лъимал гIемераб рекьарухъабазул хъизаналда. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьилалде, цересел соназ гьарурал лъималазулго гIадин, Шахусланил лъимерлъиги ккана захIматал рагъулал ва рагъ лъугIун хадуб захIматал ракъул соназде.



Школалда цIалулаго, эбел-эменгун цадахъ, Шиху гIемер ккана колхозалъул батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе.

1957-1960 соназда гьес Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна. 1963 соналъ трактористазул курсалги лъугIизарун, кIиго соналъ «Киров» колхозалда механизаторлъун ва 1965 сонaлдаса *«Сельхозтехникаялда»* трактористлъун хIалтIана. Гара-чIвариялда гьоркьоб Шахусланиде ракIалде щвана ГьантIемиров Изамудингун (м.ч.) цадахъ *«Архъабаш»* участокалда гьабураб тIоцебесеб рекьи.

Гьесул тIолабго гIумру бухьараб букIана ракьалдагун техникаялда, ва гьеб гIолеб гIелалъе мисаллъун буго. Сабурав, хIалтIизе бокьулев, гIадлу-низам цIунарав Шихуца кигIан захIматабги хIалтIудаса инкар гьабулароан, гьелде тIадеги, гьеб ракIбацIцIадго ва жиндир заманалда тIубазабулаан.

Гьесул захIматалъул тIахьида, цо чанго гурони, хъвай-хъвай гьечIо. Гемерал созазул захIматалъул нухда Шахуслан цо чанго ХIурматалъул грамотабазе ва гIарцулал шапакъатазе мустахIикълъана. Гьев ккола *«ЗахIматалъул ветеран»*.

*«ГIадамазул разилъи, гьезул баркала рикIкIуна дица бищунго тIадегIанаб шапакъатлъун»*,-ан бицана Шихуца.

Шахусланица лъади Капиятгун (м.ч.), тарбия кьун, гIумруялде рахъинаруна 2 васги 5 ясги. Лъималги захIмат бокьулел, гьабулелъулъ жавабчилъи цIикIкIарал гIуна.

2000 соналъ Шахуслан пенсиялде ана. Пенсиялда вукIунин гьев хIалтIичIого чIечIо. Жиндирго тракторалда гIадамазе хурзал рекьулаан ва цогидалги гьезул хIажалъаби тIуралаан. 2005 соналъ Шахуслан хIежалдеги щвана.

Гьарула Шахуслание сахлъигун талихIаб ва халатаб гIумру.

***Эсенай Идрисов, Дилим росу***

# Лъай камил гьабуна

Цересел газетазул номеразда нижеца гIелмияб лъаялъул рахъалда церетIурал нилъер районалдаса гIолилазул гIемерал макъалаби хъвана. Лъиениги бальголъи гуро, гьединал гIолохъаби нилъер районалда гIемерал ругеблъи, ва гьелдаса чIухIизе бачIуна!

Нилъер районалда гурониго, гьез хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналъул батIи-батIиял районазда, росабазда ва шагьаразда. Гьелда цадахъго гьез кIвар кьолеб буго цIалудеги, ай лъай камил гьабиялъе.

Гьедин, дагьал цересIан къояз Дахlада районалда (Дахадаевский район) тIобитIана гIараб алфавит камил гьабиялъул курс.



Гьел курсазда гIахьаллъана нилъер районалда батIи-батIиял рахъазда жидеца гIелмияб хIалтIи нухда бачуневункъо гIолохъанчи, гьел ккола Пайзулаев Халид, Мансуров АхIмад, Адиев ГIали ва Каичов Ибрагьим.

Абизе бегьила, гьеб нилъер гIолохъабазул ва районалъул кIудияб рохел бугилан, щайин абуни, нилъер лъимал битIараб нухде ккезариялъе гьал васазул кIудияб кумек букIина.

Жалго гIолохъабазги кутакаб рохел загьир гьабулеб буго гьенир гIахьаллъизе щвеялдаса.

*«Дица абила гьеб бугилан Аллагьасул рахъалдасан нижее щвараб кIудияб рахIмат. ГIараб алфавит мухIкан гьаби, дагьабги гьваридго гьеб мацI лъай – гьеб буго кIудияб берцинлъи. Гьел курсазда гIахьаллъарал къояз, нижеда лъанилан гIемераб пайдаяб тарих абила, мухIканлъана лъай ва нижецаго гьабулеб хIалтIиялде дагьабги гьира цIикIкIана»*,-ян бицана Халид Пайзулаевас.

Дица цебе бицухъе, рехсарал гIолохъабаз кIвахI тун, ракIбацIцIадго хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналъул батIи-батIиял рахъазда, гьел жанир хIалтIулел шагьаразул ва росабазул жамагIатазги гьезие халкъалда гьоркьоб ва гIолеб гIелалъулгун гьабулеб хIалтIиялъухъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго.

Гьел курсазе нухмалъулевлъун Йеменалдаса гIалимчи Ибрагьим АхIмад Аз-Зубаджий Аль-Ямани вукIана. Гьесги гIолохъабазе, гьезул гIелмуялде бугеб гьираялъе ва рокьиялъе кутакалда кIудияб къимат кьун буго.

Дицаги нилъер васазе бусурбабазда гьоркьоб жеги цIикIкIун пайдаяб хIалтIи гьабизе сабру, тавакки ва жеги ч1ах1иял бергьенлъаби гьарула.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

*Дин ва гIумру*

# МухIаммад аварагасул ﷺ ирсилав Салатавиялъул ракьалда

2023 сон нилъер районалъе кутакалда рохалилаб ва баракатаблъун бачIанилан абизе бегьула.

Исана нилъер районалда ккана тарихалдаго лъалкI тараб лъугьа-бахъин, нилъехъе щвана хирияв МухIаммад аварагасул ﷺ асарал. Гьел церелъураб лъабабго къоялъ нилъер гIадамаз аварагасдехун жидер унго-унгояб рокьи бихьизабуна. Сордо-къо батIа гьабичIого, мажгиталъуре асарал рихьизе унел



гIолилазул, ригь аразул, руччабазул ва лъималазул мажгиталда сверухъ кIудияб ирга букIана. ХIатта, асарал нахъе унеб мехалдаги, гьенире ракIарарал бихьиназда ва руччабазда магIу кквезе кIолеб букIинчIо, цо бугони, гьел асарал гьанире щвеялъул рохалица, кIиабизе бугони, гьел нахъе унел рукIиналъул пашманлъиялъ. Амма асаразул баракаталъ нилъ рехон течIилан абила.

Гьале гьанжеги районцоязе 22 августалъ нилъехъе МухIаммад аварагасул ﷺ ирсилав ХIабиб ХIусейн Ас Сакъаф щвей кIудияб рохеллъун букIана.

Дилим росдал аслияб мажгиталда гьеб къоялъ ракIарун рукIана районалъул киналниги росабазул жамагIатазул церехъаби, руччаби ва лъимал. Гьел киналго цого-цо аварагасде бугеб рокьиялъ цолъизарун рукIана.

Къалъул какги бан, мажгиталъур къиматав гьобол вачIиналъухъ балагьун чIарал гIадамаз зикру бачана, салават битIана, ва цо лахIзаталъ мажгиталъуве жаниве лъугьун вачIана хирияв аварагасул ирсилав ХIабиб ХIусейн Ас Сакъаф ва цогидалги цIар рагIарал гIалимзаби ва гьалбал. Къимат тIадегIанав ва хIурматияв гьобол вачIунелъул, киназго, тIадеги рахъун, ахIулеб *«мархIаба»* киса- кибего рагIулеб букIана.

Районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIаммадрасул МухIамадгьазиевас, районцоязда рохелги баркун, тIоцебесеб иргаялда кIалъазе рагIи кьуна тIадегIанав гьоболасе.

ХIабиб ХIусейн Ас Сакъафица, салам кьун, къабул гьабуна Салатавиялъул жамагIат, ва жиндирго кIалъаялда абуна гьадин:

*«Жакъа нилъ данде гьарун руго хирияв аварагасде рокьиялъ, ва гьаб нилъер мажлисалде абизе бегьула живго АлжаналъулахIилан. Дида ДагъистаналъулракьлакаIда баракатаб букIун бихьана, дун гьаниве щваралдаса, щибаб къойил тIоритIулел руго мажлисал, гьенир гIахьаллъула гIемерал гIадамал, гьелъ дун кутакалда вохизавуна.*

*Хадубккун, дие бокьун буго аварагас нилъее, бусурбабазе, тараб лъабго васиятаплъул нужее бицине. ТIоцебесеб ккола салам, ай живго аварагасул салам буго жиндир умматалде, гьез гьеб салам нахъ буссинабизе букIиналъе, кIиабилеб рисалаталда буго, жив кутакалда гIащикълъун вугила жиндир вацазухъ, ай гьел вацал кигIанасеб къадаралъ жинде гIащикъал ругелилан живго аварагцин нилъеде гьадигIан гIащикълъараб мехалда, лъабабилеб рисалаталда абулеб буго, ахир къиямасеб къоялъ нужеде гьикъизе бугила жиндир хIакъалъулъ, ай гьел суалазе жаваб кьезе нуж хIадур ругищилан, нужеда жиндир хIакъалъулъ щиб лъалебилан. Гьединго аварагас абулеб буго, кигIан къадаралъ нужеда жив лъалев ватаниги, кигIанасеб къадар нужер рекIелъ жиндир батаниги, гьедигIанасеб кумек щвелила нужее жиндир рахъалдасан ахираталда»*,-ян.

Хадубккун кIалъазе вахъарав Гъизляралъул имамзабазул Советалъул председатель Шамил БахIандалиевас районалъул жамагIаталъе жидее гьабураб хIурматалъухъ кIудияб къимат кьуна.

*«ХIабиб ХIусейн Ас Сакъаф нужехъе вачIунев вугилан хабар щваралдаса гIе-*



*мераб заман инчIо, амма гьеб къокъаб заманаги гIун бихьула нужер жамагIаталъе, гьесда дандчIвай берцин гьабизе. Гьелъ бихьизабула нужер гIадамазул рекIелъ бугеб иманалъул щулалъи»*,-ян абуна БахIандалиевас.

Дилим росдал имам Шамил-ХIажи Къурбановас дандельаразе бицен гьабуна аварагасул гIумрудул дагьал сифатазул , гьесул асхIабзабазул аварагасдехун букIараб рокьиялъул ва дин цебетIезабизе гьезул букIараб гьираялъул. Гьес тIадчIей гьабуна асхIабзабазул аварагасде букIараб гIищкъу нилъее жакъа мисаллъун чIезе ккеялда.

Хадубккун кIалъазе вахъарав районалъул имам МухIаммадрасул МухIамадгьазиевас, тIоцебесеб иргаялда, баркала загьир гьабуна тIаде щварал гьалбазе, хасго ХIабиб ХIусейн Ас Сакъафие районги кIодо гьабун, гьанибе хирияв аварагасул баракатги босун рачIаралъухъ.

Живго ХIабиб ХIусейн Ас Сакъафицаги кIудияб баркала загьир гьабуна Салатавиялъул халкъалъе бихьизабураб гьоболлъиялъухъ.

ГIелму-лъай тIалаб гьабулев чи, гьеб тIалаб гьабулаго хванани, гьесие шагьидасул хвел щвелилан аби бугелъул, Аллагьас нилъги гьединазда гьоркьоса гьареги, ва гьаб мажлисги аза-азар квешал мажлисал чурулеблъун батаги, АМИН !

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Прокуратура сообщает

Прокуратура Казбековского района сообщает, что с 1 апреля 2024 года ординаторов будут принимать на должности врачей-стажеров Федеральным законом от 04.08.2023 № 462-ФЗ внесены изменения в Федеральный закон от 21 ноября 2011 года № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации», который вступает в силу с 1 апреля 2024 года.

Согласно внесенным изменениям, к работе по должностям врачей-стажеров разрешено допускать ординаторов, которые учатся по одной из специальностей укрупненной группы «Клиническая медицина». В эту группу входит 78 специальностей: **терапия, педиатрия, хирургия, онкология, неврология.**

Порядок и условия допуска установит Минздрав.

# Военный комиссариат информирует

## *Дополнительные социальные льготы и гарантии участникам*

1. Статус ветерана боевых действий и соответствующие льготы:
- льготные обеспечение жильем;
- переочередное право на приобретение садовых земельных участков;
- компенсация расходов на оплату жилых помещений (в размере 50%);
- внеконкурсное поступление в высшие учебные заведения;
- преимущественное пользование всеми видами услуг учреждений всвязи, культурно-просветительских и спортивно оздоровительных учреждений.

2. кредитные и налоговые каникулы.
3. Целевой жилищный займ для приобретения жилья с даты включения в реестр участников накопительно-ипотечной системы.
4. Бюджетные места для обучения детей в вузвх.
5. Бесплатный отдых детей в летних оздоровительных лагерях.
6. социальная прграмма реабилитации а адаптации (трудоустройство и предоставление жилья).
7. Выплаты членам семьи пенсий по потере кормильца в размере 50 % от денежного довольствия военнслужащего.
8. Погашение кредитов, оформленных погибшими военнослужащими и их супругам.

## *Выплаты участникам специальной военной операции*

1. От 773 до 1390 руб. в сутки (2 оклада по воинской должности).
2. 4240руб. суточные выплаты.
3. 8000 руб. за каждый сутки активных наступательных действий.
4. 50 000 руб. за каждый километр продвижения в составе штурмовых отрядов.
5. 1 000 000 руб. захват танка Leopard, Abrams, Challenger.
6. 500 000 руб. уничтожение танка Leopard, Abrams, Challenger.
7. 300 000 руб. уничтожение пусковой установки HIMERS, "Точка - У".
8. 200 000 руб. уничтожение вертолета.
9. 100 000 уничтожение танка.
10. 50 000 руб. уничтожение ББМ(БМП, БМД, БТР, МТЛБ).
11. 50 000 руб. уничтожение САУ, ЗРУ, (С-300, " Бук", "Тор", "Оса"),БМ РСЗО....
12. 50 000 руб. уничтожение БпЛА (средней дальности), ракекты "Точка-У", снарядов РСЗО " Ольха", "Смерч", "Ураган", HIMARS.
13. 3 000 000 руб. единовременная выплата при ранении (Указ №98).
14. 3 131 729 руб. единовременное пособие при увольнении в связи с признанием негодным к военной службе вследствие военной травмы (Закон №306-ФЗ).
15. 78 293 руб. единовременная страховая выплата при легком увечье (ранении, травме, контузии)(Закон №52-ФЗ).
16. 313 172 руб. единовременная страховая выплата при тяжелом увечье (ранении, травме, контузии) (Закон № 52-ФЗ).
17. 5 000 000 руб. единовременная выплтата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Указ № 98).
18. 3 131 729 руб. единовременная стаховая выплата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Закон 52-ФЗ.)
19. 4 697 564 руб. единовременная страховая выплата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Закон №306-ФЗ).

# Военный комиссариат напоминает

Согласно пункту 2.1. статьи 31 Федерального закона 1998 года № 53 ФЗ *«Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу»*, гражданин обязан в двухнедельный срок со дня начала периода проведения призыва на военную службу, лично явиться в военный комиссариат района для сверки данных воинского учета (за исключением граждан освобожденных от призыва).

# Заур Батаев провел мастер-класс

Во дворце спорта им. Ахмад-Хаджи Кадырова с. Ленинаул Казбековского района состоялась встреча воспитанников детско-юношеской спортивной школы М.М. Азаева с известным борцом вольного стиля, чемпионом Европы, призёром чемпионата Мира, многократным призёром чемпионатов России, чемпионом мира среди военнослужащих, заслуженным мастером спорта России Зауром Амалудиновичем Батаевым.



Заур Батаев родился 6 мая 1979 года в г. Хасавюрт.

Выпускник Красноярского педагогического университета, Заур в 1998 году становится членом сборной команды страны.

В 1994 году в г. Франкфурте и 1998 году в г.Лас-Вегасе он становится чемпионом мира среди юниоров. 1998 год-чемпион Европы, 1999-чемпион мира, среди юниоров, 2001 год-среди военнослужащих, бронзовый призер чемпионата мира, 2002 год -заслуженный мастер спорта России, старший тренер женской сборной России по вольной борьбе.

В честь Заура Батаева в г. Красноярске ежегодно проводится турнир по вольной борьбе.

В своем выступлении спортсмен выразил благодарность Бувайсару Сайтиеву за вклад в становление его как борца.

В мероприятии, организованном с целью воспитания подрастающего поколения в духе товарищества, дружбы, взаимопонимания и патриотизма, приняли участие и представители джамаата села.

В рамках встречи Заур Батаев для юных борцов провёл мастер-класс, от которого дети получили огромное удовольствие и много полезных советов

Юные спортсмены выразили благодарность Зауру Батаеву за полезную встречу и попросили приехать к ним ещё раз.

# Футбол

Дагьал цереIан къояз, Хасавюрт районалъул Къанаюрт росулъ тIобитIана гьеб районалъул физкультураялъулгун спорталъул ва гIолилазда гьоркьосел ишазул управлениялъул нухмалъулевлъун вукIарав АхIмад Исаков ракIалде щвеялда хурхараб футболалъул турнир.

Гьенир гIахьаллъана Хасавюрт, Бабаюрт ва нилъер районаздаса кинабниги 8 команда.

Гьез кутакаб ва гъира цIикIкIараб хIай бихьизабуна. Гьелъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалде М.М. Пазаевасул спортшколалдаса *«Фортуна»* команда бачIана, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIалъе Хасавюрт районалъул командаби мустахIикълъана.

Призалъулал бакIал росаразе грамотаби, кубокал, медалал ва цогидал сайгъатал кьуна.

Гьезда гьоркьорги *«Бищунго лъикIав тренер»* абураб цIар ва сайгъат щвана М. М. Пазаевасул спортивияб школалъул тренерал Марат Абукаевасе ва МахIмуд Палхановасе, гьединго, нилъер командаялъул игрокал АхIмад Бибасхановасе *«Бищунго лъикI хIалев»* ва Имам Чамаевасе *«Бищунго лъикIав вратарь»* абурал цIаразе мустахIикълъана.

Турнир ахиралде щвеялъул данделъиялда гIахьаллъарав Дагъистаналъул спорталъул министрасул ишал тIуразарулев Зайнал Салаутдиновас кIудияб къимат кьуна нилъер командаялъул хIаязе ва футбол цебетIеялъе районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас гьабулеб хIалтIуе.

Футбол бокьулезул рахъалдасан баркула бергьенлъи нилъер командаялъул гIахьалчагIазда!

***Насрула Алиукъаев***

Лъайкьеялъул управлениялъул ва М.М. Пазаевасул спортшколалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Залимхан ва Мурад Байхановазда, эбел

**Назипат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Алжаналъул агьлулъун гьаюн ятаги гьей.

Районалъул администрациялъул, культураялъул Централъул ва *"Чапар"* газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз Бика Палхановалда ва гIага-божаразда зигара балеб буго, эбел

**Аминат**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан.
Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги, нахъе ругезе сабру кьеги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**